



THE CITY OF NEW YORK

Office of School Health

Michael R. Bloomberg
Mayor

Joel I. Klein
Chancellor
Department of Education

Thomas R. Frieden, M.D., M.P.H.
Commissioner
Department of Health and Mental Hygiene

ENFÒMASYON OSIJÈ POU NAN TÈT

Kisa sa pou nan tèt ye?

- Pou nan tèt se ti ensèk ki gen sis janm anjeneral gwosè yon grenn wowoli (grenn ou wè sou pen anbègè yo).
- Yo viv sou po tèt yon moun oswa toupre po tèt la, epi yo pa rete flannen pandan lontan nan pwent tij cheve a.
- Yo kapab viv sèlman sou yon kretyen vivan (moun); ou pa kapab jwenn yo sou bèt.
- Lav **pa** menm bagay ak pou. Pou se ensèk k ap bouje nan tèt. Lav yo se pòch ze pou yo ponn, ki rete kole nan rasin cheve; yo pi piti pase yon tèt zepeng epi yo koulè blan pèl.
- Si w genyen lav nan tèt ou, sa pa vle di nesèsman ou gen pou nan tèt ou. Lè w fin elimine tout pou yo, lav yo rete kole nan cheve ou jouk yo devlope.
- Ou gen pou nan tèt ou sèlman ou kapab jwenn yon pou vivan k ap bouje (pa yon lav) sou po tèt la.
- Nenpòt moun kapab genyen pou nan tèt li.
- Se moun ki pwòch fanmi lan oswa zanmi nan kay moun lan oswa nan kominote a ki enfekte yon lòt moun avèk pou, se pa moun nan lekòl la.
- Pou yon moun ka transmèt pou nan tèt, tèt li dwe an kontak dirèk ak lòt tèt la. Pou pa ka naje, vole, bondi, oswa sote.

Prevansyon - èske w kapab anpeche yo fòme?

- Pi bon jan pou frennen enfeksyon se pou fanmi yo aprann jan pou yo tcheke pwòp tèt yo. Konsa yo ka jwenn tout pou anvan yo gen chans pou repwodui.
- Di pitit ou yo pou yo pa kite lòt timoun itilize chapo yo, peny yo, bwòs yo, elatriye.
- Ou dwe lave avèk savon ak dlo cho tout bagay pou kouche, sèvyèt, ak rad moun ki enfekte, epi mete yo nan yon machin pou seche pandan omwen 20 minit pou ede touye tout kantite pou ki rete yo. Lave asèk tout rad ki fèt pou netwaye asèk. Fèmen nounous moun ki enfekte a nan yon sache plastic, epi kite yo la 10 jou pou ede tout pou yo mouri ak grangou. Jete oswa tranpe peny ak bwòs tèt yo nan alkòl miks oswa nan medikaman sou fòm chanpou ki fèt pou touye pou. Jete tout òneman pou cheve, tankou elastik ak riban. Byen pase vakyòm sou kapèt yo ak sou mèb boure yo.
- Bèt nan kay la pa kapab enfekte avèk pou nan tèt ak pou nan kò yo, kidonk ou pa bezwen pran prekosyon pou yo.

Lè elèv yo ap tounen lekòl

- Elèv yo kapab tounen lekòl jou apre yo fè tretman pou retire pou nan tèt yo toutotan anplwaye lekòl la ke yo deziyen pou egzamine tèt yo, detèmine pa gen pou vivan nan tèt yo.
- Anplwaye lekòl la yo deziyen pou egzamine sa a, gen pou egzamine tèt yo ankò 14 jou apre premye tretman an pou asire l pa rete pou vivan nan tèt yo.
- Lekòl la ap ranwaye lakay yo elèv yo jwenn ki gen pou nan tèt yo.
- Kontakte founisè swen lasante ou a si w gen pwoblèm pou elimine pou nan tèt pitit ou a.

2007 Si w vle gen plis enfòmasyon, al sou sit www.nyc.gov/health